



RAGAD ADVERTENTIE:

Kabar premili: 1 - 30 temboeng f 1.-
Langkoengipoen, saben 10 temboeng oetawi kirang: f 0,50.

Advertentie limrah: f 0,15 sagaris: (apes: f 1,25).
Moendoet kapatjak langkoeng saking sapisan, oetawi moendoet dados lengganan, tepang rembag roemijin kalijan administratie.

Hoofdredacteur:

B. SOEMARNA

kabantoe

REDACTIE - COMMISSIE.



SWARA-TAMA

SERAT KABAR KATHOLIEK

Medal saben dinten Djoemewah.



REGIPIOEN LENGGANAN SWARA TAMA

1 taon . . . . f 6,- } njoewoen kabajar
1/2 " . . . . f 3,- } roemijin.
3 woelan . . . f 1,50 }

Adresipoen Redactie lan Administratie

IGNATIUS-COLLEGE

DJOKJAKARTA.



Drukkerij „Canisius“ Djokja.

KONGGRES P. P. K. D.

(Parepatan oemoem tanggal 2-3-30 manggen ing gedong K. S. B. Kotabaroe Ngajogjakarta wit wit djam 8.45 sonten-12.30).

Inggang datang: Oetoesan-oetoesan P.P.K.D., B.O. afd. Mataram, wakil P. P. P. K. I. lan P. N. I. afd. Mataram, Hoofdbestuur P. G. B., Hoofdbestuur P.N.I., Correspondentie Club Solo, Studielclub Solo, K. W. Moentilan, Correspondentie Club Moentilan, K.W. Ambarawa, P.G. H.B. afd. Mataram, P.K.W., P.P.I. I., W.K. Ngajogjakarta, P. W. K., H.K.S.B. Mataram, Moedo Katholiek Djokja, K. O. B. afd. Djokja, K. S. B. Djokja, van Lith Stichting, K.W. Solo. Tilgram dari: Madjelis Pertimbangan P.P.P.K.I., V.B.P.G. H.B. Serat saking Centrale Raad K. S.B., H.B.I.K.P. lan P.L.v.Rijkvevorse Ambarawa. H. B. I. K. P. inggih kintoen tilgram nanging datengipoen kaséb. Wakil serat kabar Swara Tama, Soeara Katholiek, Sedya Tama, Persatoean Indonesia, Djanget, Sippo, Djawa Tengah, Bendee, Bintang Mataram, Pawarta Soerabaja, Bahagia.

Wakil politie, mantri politie, recherche.

\*\*

Sasampoenipoen voorzitter ngatoeraken pambagja wilodjeng dateng sadaja ingkang sami rawoeh, sadèrèk Dwidjadisastra atas namnipoen Deli Commissie P. P. K. D. Solo, mahjakaken pamanggihipoen bab:

Poenale Sanctie, mawi basa Djawi, ingkang koela tjekak makaten: Minangka pamboeka pamedar sabda nggjaraken watesing wewenangipoen kaom berah kalijan ingkang mberahaken (arbeidscontract); ladjeng nerangaken loegoening poenale sanctie, njoepik artikel 19, ingkang manoes spr. poesering poenale sanctie: oengeliipoen makaten:

- 1. Sing sapa (koeli kontrakan) wani-wani njoelajani pranatan kontrak bakal tampa pakoeman keh-kehé sasawoetawa denda f 50.
2. Jèn wong doeroeng nganti rong taensa-ka paneraking prakara kang disik woer nradjang pranatan manéh, ikoer kaeoem nganti tekan teloenng siji oetawa denda f 100; déné jèn sing njoelajani pranatan kontrak ikoer golongan madjikan bakal kena oekoeman denda keh-kehé f 100.

Manawi ingkang makaten poenika toemindakipoen sawenang-wenang boten anggoemoenaken.

Margi wonten tindak kirang le-res, mila pamaréntah ngawontenaken arbeidscommissie tinanggenah aniti priksa.

Koeli kontrak wonten pinten ing sataoen-taenipoen, toewin kadospoendi kawontenanipoen, katerangan pandjang lébar.

Sowaking poenale sanctie boten badé adamel toenanipoen toewan onderneming; toer oegi badé ngindakaken pamedalipoen pamaréntah, awit:

- 1. Pamaréntah badé angsal belasting langkoeng katah;
2. Boten ngedalaken arta kanggé ragad manawi wonten koeli koekoem. Doemoegi sapoenika sawoelanipoen ragadipoen kanggé makaten poenika wonten f 6080, dèrèng tedanipoen koeli sabèn dinten.

Poetoesanipoen rembag wohipoen poenale sanctie poenika awon, i. p.

- 1. Angrisak wewenangipoen koeli kontrakan ingkang toendonipoen tansah ngawontenaken gendra, kabekta saking ngrebda-ning ingkang sawenang-wenang.
2. Angrisakaken raos kamanoesngsan, tatanan kasoeksman déning panggénanipoen koeli djaler kalijan koeli éstri boten dipoen-pilah-pilah.
3. Bajaran koeli kandapan sanget, djalaran tijang kontrak boten kénging gadah oesoel neda indaking bajaran; panggénan pondokan koeli dèrèng kénging kawastanan saé.

- 4. Nambahi katahing wragad saking Pamaréntah ingkang kasanggé déning kawoela oemoem ananging kanggé betahipoen ondernemers ingkang tjengkah kalijan betahipoen kawoela oemoem, kadosta: ambajar arbeidsinspectie, ambajar poelisi kanggé andjagi tanahipoen onderneming, ongkos teda, panganggé, dokter manawi koeli sakit, kalijan ingkang ndjagi oekoeman, ongkos zitting landsgerecht oetawi landraad (djaksa, tolk, lid-lid, saksi sapanoeng-gilanipoen).
5. Andadosaken saja mlaratipoen Indonésiah djalaran kaentoenngan majoeta-joeta dipoendoemaken dateng tetijang ingkang sapérangan ageng boetoeh gesang wonten ing Éropah. Arta ingkang ketjèr kanggé bajaran poen kontrakan teroes kabajaraken toekang ngebonaken kabetahan balé grija, ingkang manawi sampoen ngalempak kagondol dateng Tiongkok.

- 6. Gandèng kalijan 4e lan 5e kaseboet nginggil, tjeta sanget manawi wohipoen poenale sanctie andadosaken kasangsaranipoen kawoela oemoem, boten kanggé andjagi betah oetawi perloe oemoem, kados alasanipoen para planters akalijan wakil-wakilipoen wonten ing Volksraad, ananging kanggé ngajomi sarta andjagi kantongipoen ka-oem onderneming.

Sarampoengipoen poenika katah sadèrèk ingkang oeroen rembag, ngetingalaken sanget sepinten awonipoen poenale sanctie.
MOTIE P. P. K. D.
Wonten konggrès P. P. K. D., kapingker poenika, P. P. K. D. damel motie kalih, ingkang satoenggal njoewoen itjalipoen poenale sanctie, satoenggalipoen njaroedjoeki motie P.G.H.B. bab lijeran onderwijs dateng locale raden.

Déné oengel-oengelanipoen motie waoe kados ing ngandap poenika:
Motie I.
Rapat P.P.K.D. (Pakempalan Politiek Katholiek Djawi) jang tertoeop pada hari 3 boelan Maart 1930, jang dilangsoengkan di gedong Katholieke Sociale Bond di Djokjakarta.

M e n d e n g a r :
pembijaraan - pembijaraan dalam rapat terboeka pada hari 2 boelan Maart 1930 jang dikondjoengi oleh wakil perkoempoelan - perkoempoelan di Indonesia jang ternama.

M e m o e t o e s :
a) mengadjak semoea perhimpoean - perhimpoean di Indonesia beroesaha sekeras-kerasnja tentang lekas hilangnya atoeran Poenale Sanctie,
b) mempersilahkan Pemerintah agar soepaja lekas memenoehi kesanggoeannja, jang soedah di djandjikan ketika pemerintahan

dipegang oleh S.p.j.m.G.G. van Limburg Stirum dan diolangi lagi oleh Perintah S. p. j. m. G. G. de Graeff dengan mengambil atoeratoeran seperloenja oentoe menganti atoeran P. S. itoe dengan satoe tjara arbeidswetgeving jang selaras dengan zamannja,
c) meniarikan motie ini kepada Pemerintah dan pers, dan meneroeskan pembijaraan.

Motie II.
Rapat P.P.K.D. (Pakempalan Politiek Katholiek Djawi) jang tertoeop pada hari 3 Maart '30 jang dilangsoengkan digedong Katholieke Soc. Bond di Djokjakarta.
M e n d e n g a r :
pembijaraan - pembijaraan dalam rapat tertoeop terseboet hal penjerahan sekolahan kepada locale raden.

M e m o e t o e s :
a) menerangkan setoedjoenja kepada motie P.G.H.B. terseboet,
b) menjampakan motie P.P.K.D. ini kepada Verbondsbestuur P.G. H.B. di Soerakarta, dan menjiarkan ini motie kepada pers, dan melandjoekkan pembijaraan.

Bangsa Djawi ingkang gesangipoen mligi tatanèn poenika wonten kiranglangkoeng 75% oetawi ± 17 joeta. Djemberbaroen tanah Djawi kirang langkoeng 18 joeta baow, ingkang ± 10 joeta baow awoedjoed sabin lan pategilan, ingkang 3 1/4 joeta baow awoedjoed wana, déné ingkang 4 3/4 joeta awoedjoed paredèn, siti mlowa, doesoen lan kita, margimargi, lèpèn lsp.

Dados manawi karatjak tijang tani satoenggal gadah pandoeman siti ± 0,37 baow (1/4 h.a.). Dados jèn wonten brajat isi 4 djiwa (bapa, bijoeng, anak diwasa kalih) angsal pandoeman ± 1 1/2 baow oet. 1 h. a.
Ngèneti ing nginggil poenika tètela bilih siti tanah Djawi poenika pating tjroewil.

Saking aliting pandoeman ladjeng andjalari sakedik pamedal boten saged tirah kanggé njaekaken panggaotan ingkang inggih mawi waragad oep. kanggé ngraboek lsp.

Wataking tatanèn Djawi poenika taksih kolot; sapoenika prasasat taksih sami kalijan 40 à 50 taonan kapengker. Tetijang badé ada-ada oetawi migoenakaken tjara énggal roemaos adjirih déning risiconipoen. Pamanggihipoen aloewoeng gadah pamedal alit, nanging adjeg tinimbang ageng nanging dèrèng kantenan.

Kadjawi pating tjroewiling siti (grondversnippering) wonten malih ingkang andjalari tatanènipoen bangsa kita boten madjeng, i.p. a). communalbezitsrecht b). Tjara marokaken c). Kirang mardikanipoen ngigoehaken tatanèn margi daja-daja saking djawi kadosdéné onderneming sarta rosan.

Éwadéné onderneming poenika inggih meksa wonten pikantoeipoen, i. p. 1. Vennootschapsbelasting (ing-kang inggih ladjeng mikantoeiki toemrap oemoem); kala taoen '24 vennootschapsbelasting poenika saking onderneming gendis kirang langkoeng 25 joeta roepijah. 2. Oeroen kanggé irrigatie 3. Oeroen ngedegaken hospitaal; 4. Andjalari wontening margi sepoer.

ing dalem 16 woelan (wiwit nggadang ngantos rampoeng kagiling dados gendis) ± wonten f 450.

Mangga manawi sabin waoe kagarap pijambak, saged panèn apesipoen pantoen kaping kalih lan palawidja ping sapisan oet. ping kalih (malah jèn kaleresan tjepak tojanipoen saged pantoen × 3). Manawi kapétang, siti saé ing dalem sabaoe saged ngedalaken pantoen garing à 35 datjin oetawi f 350, Palawidja saged f 100, goenggoeng f 450; dados boek kémawon. Dados ing ngriki tètela pikantoeik saking pabrik poenika nanging kawan prakawis kaseboet nginggil.

Wontening onderneming inggih wonten awonipoen: andjalari soedaning pamedal oewos ing tanah Djawi, ngantos kirang, lan lebeting oewos saking Bangkok, Saigon, Rangoen inggih ladjeng awis. Kadjawi poenika andjalari tijang tani kirang merdika boten saged milih mangsa, kasesa-sesa nggarap siti, kapeksa nanem pantoen géndjah ingkang sakedik pamedalipoen.

Dados koela wangsoeli malih, tatanèn Djawi anggènipoen boten madjeng, doemawah ing wingking, poenika margi: pating tjroewiling siti, communalbezit, kapalihaken, toewin kiranging merdika ngigoehaken tatanèn margi wontening onderneming.

Pamedalipoen siti ing ngriki (pantoen, djagoeng, pohoeng, lss.) sabaoe ratjak f 115, mangka manawi nagari Walandi sabaoe saged medal f 290.

Pabrik gendis poenika anggènipoen njéwa siti milih ingkang saé-saé; sabaoenipoen ratjak saged ngedalaken gendis 160 datjin oetawi f 1280, malah terkadang inggih saged 200 datjin. Siti saé wao jèn kataneman pantoen (16 woelan) saged anggadhahi pamedal katah-katahipoen f 900 dados kirang langkoeng dawah palih.

Sampoen koela atoeraken ing nginggil, pamedal tatanèn sabaoe ratjak saged medal f 115. Dados sabèn djiwa satoenggal ingkang pikantoeik pandoeman 0,37 baow waoe angsal pamedal kirang langkoeng f 42, oetawi kirang langkoeng f 0,12 sadinten. (Nederland kirang langkoeng f 1,-). Pamedal f 0,12 poenika waoe dipoenanggé neda, ambajar paos, lss., terkadang taksih kanggé nganaki samboetanipoen dateng Tjina méndring. Mangga Tjina méndring poenika waoe presènaning anaknipoen saged 360%.

Margi kalong paos, kanggé nganaki samboetan lss., dados pamedalipoen kantja tani poenika sakedik sanget, boten tebih saking 7 à 9 sèn. Nanging poenika nama ratjakipoen; dados inggih mesti wonten tijang ingkang pamedalipoen langkoeng sakedik malih.

Dados tètela gesangipoen kantja tani ingkang wonten 3/4 nipoen djiwa ing ngriki, sanget ngrekaos.

Sonten poenika koela namoeng loegoe ngatoeraken rekaosipoen kantja tani, boten ngatoeraken kadospoendi rekanipoen andadosi. Éwadéné wonten ichtijar saprakawis ingkang preloe koela atoeraken ing sonten poenika, lan pandjenengan sadaja ingkang ratjakipoen kantja goeroe, mesti inggih saged toemoetoemoet andadosi. Déné ichtijar poenika waoe sapriki sampoen 27 taoen tinedahaken déning toewan Controleur van Aalst kaseboet ing karanganipoen ingkang kawrat ing tijdschrift voor het Binnenlandsch Bestuur, ingkang soeraosipoen: njaekaken wawatekan ngantos nggadahi santosaning tékad (energie) tjantjoetan poeroen toemandang ing damel, boten namoeng soeméndé ing papastèn ngoegemi babasan ana rina ana wengi. Poenika sadèrèk ingkang dados pokok marginipoen dateng indaking pamedal, dateng kamadjenganipoen economie lan kamadjengan prakawis sanèsipoen oegi. Namoen poenika atoer koela.

Satelasing sosorahipoen sadèrèk Éndrawahjana, wonten prijantoen sawatawis ingkang oeroen rembag babagan irrigatie bendoengan l.s.s. Wasana parepatan katoetoeop kanti wilodjeng.
A. S. D.

ISINIPOEN.

Congres P. P. K. D.—Arbeidsduur —P. K. W. Ambarawa—K. W. Djokja —K. W. Solo — Djampi setidjab — Pakempalan toenggil karja—Ontjèn — Wawasan boekoe — Oerap-sari.



PRADJA RAHAJOE.

BAB: ARBEIDSDUUR.

Tjandakipoen.

Mangsoeli bab antjer-antjer maximum. Saben tijang, poenika tinitahaken ing Pangéran, lan kagem ing Pangéran. Mila nomer setoenggal inggih kedah ngener, mboedjeng dateng poenapa ingkang dados kersaning Pangéran.

Déné kersanipoen Pangéran, soepados tijang sadaja poenika rahadjeng soekmanipoen. Mila wonten ing donja ngriki nomer satoenggal inggih namoeng mrelokna dateng kabetahaning soekma roemijin, sanèsipoen, poenika namoeng sambèn. Soekma, poenika ingkang nomer satoenggal.

Koela sadaja, manawi ngrembag kaom berah, kedah inggih boten kesoepon, bilih koeli alit-alit poenika sami gadah soekma ingkang loehoer, katitahaken ing Pangéran, manoes kanta Dalem Pangéran. Mila sinasosa namoeng koeli, nanging koela inggih koewadjaban ngaosi dateng aosing soekmanipoen.

Inggang Soewargi Sinoewoen Leo XIII ngendika, bilih kita poenika kedah ngaosi dateng sesami. Mergi tijang sadaja poenika, soegih-miskin, bendara lan abdinipoen, ratoe lan kawoela boten wonten bedanipoen, djalaran sadaja poenika abdinipoen Pangéran, toenggil Pangéran. Kedjawi poenika, Goesti kémawon anggènipoen nitahaken kita kénging koela wasnatni kanti pakoermatan, poenapa kita boten badé ngoermati dateng sesami!

\*\*

Ing nginggil sampoen katjarijos bilih koewadjaban poenika ingkang nomer satoenggal mboedjeng kabetahaning soekma. mBoedjeng kabetahan ing donja ngriki poenika dawah nomer kalih, boten kénging ngawonaken nomer setoenggal. Njamboet damel dangoe, ingkang ngantos boten kober sembahjang oetawi oefening agami sanèsipoen ingkang wosipoen pados banda kasowargan, poenika boten saé, boten kénging. Oepami sembahjang éndjing lan sonten, poenika ing atasing kita katholiek wadjib; poenika wekdalipoen inggih kedah dipoenminakaken, sampoen ngantos kawon déning wekdaling padamelan.

Inggang Soewargi Sinanta Rama Pius kaping X malah kagoengan pamoedji, soepados tetijang njamboet damel (werkmanen poenika saged éndjing sageda ndèrèk Mis Soetji lan tampi Communie Soetji.

Iba badé saènipoen, manawai para tijang Katholiek ingkang njamboet damel, sabèn dinten sami ndèrèk Mis lan tampi panoenggil Soetji. Iba agenging barkahipoen Pangéran dateng pakarjan ing donja ngriki lan dateng para gesanging brajat. Iba tjalon saènipoen samenwerkingipoen para werkgevers lan para arbeidersipoen.

Kedjawi njahak dateng babagan oefening agami, njamboet damel kedangon poenika nama ngrisak badan.

Ngisak badan poenika boten kénging, tjengkah kalijan karsa Dalem. Ing nginggil sampoen katjarijos bilih tijang poenika ratjak dados „huisvader“, Dados mengkoe brajat; anak, simah enz.
Menawi awis? wonten ing grija mergi awrating padamelan, jèn ngaso



ALGEMEENE P. K. W. LEDENVERGADERING.

Dinten: Ngahad pon tanggal 16 Maart 1930.  
 Papan: K. S. B. - GEBOUW Kota Baroe Ngajodja.  
 Parepatan kadamel kaping kalih.  
 1. Setoe paing sonten 15/16 Maart wiyit djam 8 (djam woloe).  
 Ingkang badé karembag:  
 a. Pamboeka.  
 b. Maos notulen.  
 c. Maos serat<sup>2</sup> ingkang katampi.  
 d. Anggjaraken jaarverslag (P. K. W. SWARA-TAMA, VAN LITH-FONDS toewin ROEKTI WOERI).  
 e. Ngawontenaken Verificatiecommissie.

f. Sesorahipoeg salah satoenggiling Rama Pastoor bab: Béda-bédanipoen Sociaal lan politik.  
 II. Parepatan Ngahad éndjing: Wiwit djam 8.30 (sataengah sanga). Dapoekaning rembag:

- a. Pilihan pangreh P. K. W.
- b. Ngrembag oesoel - oesoel:
  1. Babagan Swara Tama, oegi oesoel saking Bestuur P.K.W. dateng P.K.W. (katrangan sampoen kakintoenaken dateng K. W.-K. W. oetawi sampoen dipoenterang - terangkaken wewakiling Bestuur P. K. W.).
  2. Babagan Van Lithfonds.
  3. Babagan Roekti Woeri.
  4. Praktek sanès - sanèsipoen.
  - c. Rondvraag.
  - d. Panoetoep.

Pènget:  
 1. Bilih preloe agènda kénging kaéwahan.  
 2. Para wewakiling K.W.-K.W. toewin para tamoe rawoehipoen sami dipoentoi netepi djam ingkang kaseboet ing nginggil oetawi ingkang langkoeng awal, amargi ngadjenaken parepatan wiyit badé sami dipoentjaoi seghahan (wantji sonten oendjoekan kalijan njamikan: éndjing dahar sarapan toewin oendjoekan wédang).  
 3. Éndjing djam 6 wonten ing Gréjja St. Antonius (Kota Baroe) koerban Mis Soetji kanggé njenjowoenaken parepatan P. K. W., amila para wewakiling K. W. prajogi sanget andèrèk Mis Soetji poenika.  
 4. Pangreh P. K. W. njoewoen kanti oemat dateng K.W. - K.W. soepados para sadèrèk ingkang dipoensawoengaken dados pangreh P. K. W. kadadosna awak-awak.  
 Andjawi poenika njaosi priksa bilih Paramparanipoen P. K. W. sapoenika gantos Rama Koch ing Soerakarta.  
 Pangreh P. K. W.

PAKEMPALAN WARGA K. W. NGAJODJA II MAART 1930.

A. Oesoel-oesoel Congres.  
 1. Saking Ngajodja: Soepados P. K. W. njoekani pangowesana dateng K. W. ngwontenaken parepatan pijambak.  
 P. K. W. mangsoeli soepados oesoel poenika kaendoer. Ngajodja meksa badé ngladjengaken.  
 2. Bab gegadahanipoen Van Lith-Fonds, Ngajodja mrajogèkaken jèn babar pisan kaparahaken dateng missie-overheid, saha P. K. W. gadaha atoe poendi ingkang perloe dipoen-galih, jèn karsa nandjakaken banda waoe.  
 3. Saking Medari. Congres tetep wonten Ngajodja. Ngajodja boten najogjani.  
 4. Saking Medari. P. K. W. poeroena ambijantoe pakempalan Dwidja Swara. Ngajodja boten moepakat, awit sampoen kasagahan P. P. K. D.  
 5. Saking Klatèn. P. K. W. ngwontenaken commitè\*) damel antjer-antjer tata tjara kanggé tijang Katholiek Djawi. K. W. Ngajodja dèrèng mangertos maksoedipoen.  
 6. K. W. Ngajodja njoekani pangowesana dateng oetoesanipoen milih warga bestuur P. K. W.  
 7. Oetoesan dateng Congres katemtokaken:  
 1. Soegiri, 2. Soegija, 3. Padma-wijata, 4. Soemitra, 5. Toegijana.

B. Oesoel dateng afdeeling.  
 1. Ambabar correspondentieclub énggal réhning ingkang lamli sampoen prasasat moeksa. Warganipoen 10.  
 Sadèrèk: 1. Djajahéndra, 2. Soemitra, 3. Soegiri, 4. Jama, 5. Dwidjasaraja, 6. Poerwardarminta, 7. Danawinata, 8. Prawirasomarta, 9. Soekarna, 10. Adipidjana.  
 2. Hr. Djajahéndra badé ngwontenaken commissie njaekaken spaarclub.  
 3. Kapilih dados redacteur Centraal-Katholiek Hr. Soemitra.  
 4. Béndjing 19 Maart K. W. ngwontenaken algemeene commissie perloe najogjani karsanipoen Kangdjeng Santo Bapa njembahjangaken tijang Roelsan.  
 5. Saking oesoelipoen Hr. Soemitra ing Ngajodja badé kawontenaken Studieclub ingkang badé gandèng kalijan Débatclub. P.P.K.D. saha K. W. Ngajodja sagah ambijantoe.  
 6. Bab dana dateng Zangkoor Gréjja Djawi kaparahaken dateng dagelijksch Bestuur.  
 7. Badé ngwontenaken collecte perloe kanggé mitoeloengi muziekclub, ingkang badé ngwontenaken cello.

\*) Kadjenipoen: commissie. Red.

8. Badé ngoedi soepados menaw wonten pista, sageda nganggé gamelanipoen pijambak saha kataboeh pijambak kadosdéné muziekclub, dados ngwontenaken gamelanclub. Sapoenika poenika boten angèl kelampahanipoen, awit sadèrèk katholiek sampoen katah ingkang sinaoe gending.  
 9. Béndjing Paskah boten ngwontenaken andrawina, margi para Broeder sampoen ngwontenaken tooneel. Wasana pakempalan katoetoep kanti wilodjeng.  
 panitra B. Soegija.

Parepatan warga K. W. Solo.

Nalika tanggal 7-3-'30 sonten K. W. Solo ngawontenaken parepatan warga, manggèn wonten ing gedong K. S. B. ngadjeng Koesoemajoedan. Nadyan kawontenaning warga boten pepak kados adatipoen, kabekta saking taksih sami répot babagan sekolahan (mentas kéma-won toemapak malih) lan margi alangan sanèsipoen, éwadéné parepatan daloe poenika katingal angrengseng, ageng animo-nipoen, déné ingkang badé karembag prakawis wigatos (badé congres-ipoen P. K. W.) lan badé wonten sesorah saking sadèrèk Siswasoebrata bab Katholieke Sociale actie. Warga Pangreh pepak, Rama Parampara boten kantoen, warga limrah tigang dasanan.

Sasampoenipoen Pangarsa ngatoeraken panoewoen dateng ingkang sami rawoeh saha ingkang paring papan kanggé adjenging parepatan daloe poenika, pandjenenganipoen ladjeng andoewa dateng swantenipoen sawenèhing prijantoe, ingkang mastani bilih pakempalan K. W. poenika namoeng pakempalan kripi-kripi, sarana katerangan katah-katah, ingkang wosipoen: K. W. éstoe pakempalan ingkang ageng djangka-djankahipoen. Kita éstoe mbetahaken dateng K. W., pakempalan ingkang mligi ngrembag kabetahan kita ing prakawis oemoem. Saladjengipoen, sasampoenipoen para warga katetangi manahipoen, soepados netepi wadjab, soepados netepi pradjangdjian, kadosdéné saben tijang ing dalem maatschappij poenika temtoe sami kawengko ing pradjangdjianipoen pijambak-pijambak, djam 7 tènng pakempalan kabikak kanti ngloehoeraken Asma Dalem Sang Kristoes.

Lampahing rembag ladjeng ma-noet wontenipoen agenda.

a. Pèngetan parepatan ingkang kapengker kawaos sadèrèk Secretaris. Sasampoenipoen kaéwahan sawatawis, pèngetan kaanggep ab-sah. Ingriki sadèrèk Pangarsa ngan-dika, réhning wonten jejasanipoen K. W. ingkang dèrèng njenengaken makaten, taoen '30 poenika para warga dipoendjak nandangi sajektos moerih saénipoen, djer wontenipoen ada-ada poenika kita pijambak ingkang jasa, lan mila dipoendegaken, roemijin sampoen kagalih kanti ma-teng, jèn pantji ageng padéahipoen.

b. Pakabaran. Ingkang perloe koe-la pèngeti, anggènipoen K. W. tampi oelem saking P. G. H. B., soepados nenggan Congres-ipoen, lan kalampahan K. W. Solo angintoenaken oetoesanipoen nenggan congres P. G. H. B. ingkang kapengker poenika. Poenika satoenggiling boekti, bilih pakempalan kita oegi dipoenaosi déning kalangan ndjawi, ingkang asring kirang ngaosi poenika malah kita pijambak. Sapoenika kados-poendi sagedipoen kalangan sanès ngaosi dateng pakempalan kita, manawi pakempalan kita waoe boten kita aosi pijambak!

Verificatiecommissie ngloeraken angsal-angsalanipoen mriksa kas K. W. taoen 1929, kepanggihipoen jatra ingkang mlebet ing kas kekatahen f. 0,60. Réhning nalariipoen kekatahen waoe tjeta maton (margi kedubbel pangétangipoen), mila parepatan moetoes, soepados jatra waoe ka-tjasaken wangsoel dateng penning-meester lami. Nanging saking keparengipoen sadèrèk hardana lami, jatra kadanakaken dateng K. W. Sanget noewoen!

Pakabaran dèrèng telas, kasaroe datengipoen serat saking P. K. W. lantaran sadèrèk Éndrawahjana, ingkang soeraosipoen, P. K. W. moendoe timbanganipoen K. W. Solo bab anggènipoen badé njaosaken koran kita Swara-Tama dateng Missieoverheid, kanti kadjlèntèrèh-aken sababipoen. — Deg... sapandoerat parepatan boten njebawa; éstaniipoen kados wonten salebeting soepena. Raosing manah nglangoet... É, é, déné kok nganti tekan samon!!! Parepatan èngèt kasatrijanipoen, grégah tangi, tjapeng, pating pentjereng kados noebroek - noebroeka mengsah ingkang ngrabasa. Dangoe anggènipoen sami apantjara. Wekasanipoen, nadyan prakawis poenika nama doemrodjog

tanpa larapan, ingkang saged oegi ndjalari toena-doengkaping pama-was, éwadéné mirengaken rembag-rembag ingkang kawedar salaras kalijan pamrajoginipoen Rama Parampara ingkang oegi badé djoemeneng G. A. nipoen P. K. W. paprepatan moetoes: „Ora lega ora lila Swara-Tama oewal saka Poesara Katholika Wandawa.”

Sasampoenipoen poenika noenten ngladjengaken agenda bab:

- c. Oesoel - oesoel ingkang badé karembag béndjing congres P. K. W. ngadjeng poenika, kados ingkang sampoen kapatjak ing Sw. T. no. 4 (24 Januari). Ingkang dados rembag ramé i. p. bab oesoelipoen Pangreh P. K. W. ingkang soeraosipoen, gandèng lan badé santoenipoen G. A. zetel P. K. W. prajogi wonten ing Solo. Sadèrèngipoen ngrembag prakawis poenika, roemijinipoen parepatan njoewoen priksa dateng Rama Parampara padoeka Rama H. Koch, poenapa njata jèn ingkang badé goemantos ngasta G. A. nipoen P. K. W. poenika Pandjenenganipoen. Pangandikanipoen, pantji inggih makaten. Ingriki paprepatan matenteng malih, mongkog déné Solo badé kadawahan ndaroe ingkang ageng makaten. Namoeing kawoeningana, jèn sareng lan toemoeroening wahjoe poenika Solo badé saja ageng tetanggalanipoen. Éwadéné ngèngeti gending djangka-djankahipoen P. K. W., sasampoenipoen nodi prijantoe ingkang kasa-woengaken déning Pangreh P. K. W. tjalon anggentosi kalenggahanipoen, parepatan ladjeng damel poetoesan, boten badé sélak nampèni sesanggèng ageng poenika, déné parepatan jakin, jèn ingriki (ngembani P. K. W.) langkoeng-langkoeng namoeng questie poeroen njamboet-damel, lan prakawis poenika Solo kados boten ngoentjira. Manoet panoe-dingipoen parepatan, jèn Hr. Djajahéndra Pangarsa, Hr. Hardjasoebrata secretaris sarta Hr. Martawihardja penningmeester-ipoen.

**VAN LITH-STICHTING.**

**MADJENGING JEJASAN**

**KITA POENIKA**

**NAMOENG SAKING**

**PITOELOENGAN**

**PANDJENENGAN**

---

Pangreh V. L. S.  
 Bijz. H. I. S. MAGELANG.

Oesoel sanès-sanèsipoen, wawa-sanipoen K. W. Solo mèh sadaja notjogi kalijan pamanggihipoen Pangreh P. K. W. kedjawi babagan Sw. Tama kados ingkang sampoen kadjèrèng ing ngadjeng.

d. Bab pamilihing awak-awak kanggé Congres, Solo sasaged-saged ngladosi pamoendoetipoen P. K. W. sarta oesoel saking Ngajodja bab agent R. W. Namoeing agent R. W. réhning poenika dados kabetahanipoen R. W. badé kasoe-woenaken ragad dateng R. W. kanggé datengipoen ing Congrés waoe. Woedjoeding awak-awak: 1e. Hr. Hardjasoebrata, 2e. Hr. Martawihardja, 3e. Hr. Dwidjasoesana, 4e. Hr. Djajaoetama, 5e. Hr. Siswasoebrata lan 6e. Hr. Poerwaatmadja.

e. Pitakénan. 1e. P. K. W. badé maringi ragadipoen Jeugdorganisatie-commissie roemijin poenika Solo poenapa sampoen tampi? — Wangsoelan: dèrèng; K. W. badé njoewoen. 2e. Oepami sareng lan pindahipoen Zetel P. K. W. wonten ing Solo poenika Sw. Tama ngetoetaken dateng Solo, K. W. Solo kados-poendi? — Djawaban. Jèn Pangreh P. K. W. ngresakaken makaten, K. W. Solo badé boten sélak, badé mbantoe sakijat-kijatipoen.

Rèhning sampoen daloe, toer rembag-rembag sampoen moejeg sanget, sad. Siswasoebrata njeled kasagahanipoen badé sesorah, badé kalézingaken béndjing kéma-won. Wasana djam 10,30 parepatan katoetoep kanti ngloehoeraken Asma Dalem.

C. C. Solo. *Gampang.*

namoeng pendak daloe, éndjing djam 4 of 5 sampoen mangkat njamboet damel malih; kados-poendi anggènipoen badé mengkoe brajat, poenapa saged saé? Poenapa katingal pangowesanoewon wonten ing grija? Kados-poendi anggènipoen badé seneng soemerep simah toewin anak-anakipoen, menawi dateng saking padamelan, anakipoen sampoen ti-

Poen toekang djagi soos, saweg tengoek - tengoek ngeloes - eloes djanggoet, ngentosi prijantoe rawoeh, djeboel boten wonten ingkang katingal, pikiran ladjeng mrika-mrika kémoetan reracsanipoen para ingkang asring sami rawoeh i. p. rahadjenging kawoela Indonesia—gagasana kaandapaken malih méngo, ningali, kawontenipoen bangsa Indonesia. (inggang adakan kéma-won!) Nembé poenika ing papan tjelakipoen wonten: loerah doesoen 2 sami kèndel amargi: nganggé paos. Kaseboet ing Sw. Tm. no. 7 mantri pamitjis Minggir njalingkoehaken arta: f 1798.

Sw. Tm. no. 5 tijang èstri njalingkoehaken f 10.000.

Nembé-nembé kéma-won ing kalangan aben sawoeng mentas wonten arta f 10.000 itjal kanggé totohan. Lan sanèsipoen malih bab salingkoehan arta lsp. kerep sanget kelampah boten perloe kaatoeraken.

Nitik poenika, ketawis jèn kawoela Indonesia dèrèng saged njepeng arta — poenika wadjab kaeodi; manawi boten makaten tanah ngriki badé saja risak, djer bangsa-bangsa mondok sami njempeng — bangsa Indonesia pijambak gegembjakan boten sampoen-sampoen...

Ingkang sami anggrengseng dateng karahardjaning tanah dèrèng sapintena jèn katandang lan ingkang anggrengseng dateng gegembjakan — malah boten kirang tjatjahipoen para madjenging kamardikan waoe sami aboendelan bab ingkang langkoeng inggil: i. p. madjenging karojalan.

Manawi taksih sami makaten kéma-won, angèl sagedipoen njepeng: karahardjaning Indonesia, djer kadjawi economie risak — oegi ing saban dintenipoen tansah namoeng kalimpoet ing bab poenika. Ing padoenganganipoen djongos soos kénging kanggé paseksèn, rikoe poenika pakempalan-pakempalan sami boten madjeng (sampoen ingkang politik — vakbonden kéma-won sami: tilem —), lan sintena ingkang boten poeroen rojal inggih boten angsal tepangan — o, la inggih mèmper — la tijang prijantoe ingkang pantjenipoen kedah noentoe kéma-won (satoenggaling B.B. er) kondoeur saking 's landskas — toeos aben koe-tjing — doemoegi ing dalem sakipoen sampoen nglempèt malih — mangga?

Poenapa ta karojalanipoen bangsa Indonesia! namoeng kalih, nanging djempol-toer aboeh — dados — ageng...? i. p.: main lan rojal èstri. Ta — rak; djempol ageng<sup>2</sup> saèstoe! Mangga poenapa djampinipoen? .... main?

lem, mangkat njamboet damel anakipoen teksih tilem!

Jèn wonten kaem berah anggenipoen njamboet damel ngantos mekaten, ing ngriki boten soesah katerangkaken, saban tijang mesti mastani „kedangon”.

Para sadèrèk! Ing riki kados sampoen tjekap kanggé manah (mikir) sepinten kedah dangoenipoen tijang njamboet damel. Lan jèn koela setitekaken prakawis-prekawis ing nginggil waoe, temtoe ladjeng ngretos sebab - sababipoen tijang boten kénging njamboet damel langkah saking wekdal samestinipoen.

**PAKEMPALAN-TOENG-GIL KARJA.**

(Vakvereeniging.)

Koela mireng slenting - slenting, bilih K. W. Ngajodja badé ngedegaken Pakempalan toenggil - karja Katholiek.

Pamoedji koela bok énggala kelampahan, djalaran poenika dados poendoetan Dalem Swargi K. S. Bapa Leo XIII ing nawala „Rerum Novarum.”

Prof. Treub moengel jèn vakvereeniging Indonesia temtoe ngemot politik. Poenika saged oegi njata, samangsa boten awetaton agami Katholiek. Oepami angger vakvereeniging kedah ngemot politik, tenèh K. S. Bapa boten dawoeh; toenggilipoen manawi vakvereeniging sarana kanggé songkol - songkolan, temtoenipoen K. S. Bapa rak malah ngawisi.

Toedjoenipoen vakvereeniging. Toedjoe adakan inggih poenika: amrih indaking dladjatipoen satoenggaling-toenggaling berah (teda, sandang, kawroeh dados pantes). Déné toedjoe wekasan lan perloe pijambak inggih poenika: indaking kasampoernan rohani. Dados sanadjan vakvereeniging Katholiek poenika dédé pakempalan agami kados déné Maria-Congregatie, éwasamanten boten kénging kasoepeñ dateng toedjoe wekasan waoe.

Warning vakvereeniging, warni kalih: 1e. pakempalaning djoeragan

Ichtiar amrih itjalipoen, sanadjana taksih nanging ngemoengna kanggé: kasoekan — sambèn — bab poenika kaparahaken dateng, pa-noentoeing bangsa ingkang njepeng pangreh ing papanipoen pijambak-pijambak, nanging noewoen-noewoen mangké gèk, malah: palang mangan tandoer? manawi poen palang taksih neda tanem, bab poenika boten badé kadadosan.

Makaten oegi wontenipoen, rojal èstri, raka Patjar sampoen boten kirang anggènipoen metjoet — nanging teka inggih taksih kados ing nginggil, — la poenapa kawontenana: zeden politie?

Sapoenika santone ada, poen toekang djagi soos gadah djampi setidjab — kanggé andjampèni poenika.

Wontenipoen prakawis ing nginggil — ingkang sami nglampahi namoeng adjeng-adjangan lan: tijang patjanganipoen... koendjara.

Déné djampinipoen poen toekang djagi soos: ingkang nglampahi adjeng-adjangan lan: Pangéran patjanganipoen... naraka djahanam. Ta... kapok...? boten pitados... ijah blai, karepmoe lo!!!

Boten soesah kaatoeraken — para maos temtoe ngakeni; déné kaoem Indonesia ingkang badé dados, taksih moeda (laré) kedah: angsal opvoeding ingkang saé, opvoeding waoe boten wonten ingkang langkoeng saé, langkoeng setidjab, kedjawi landesan: agami.

Mila goemoenipoen, kaping 29, manawi adjenging agami, adjenging sekolahan ingkang adasar agami — dipoenalang-alangi.

Njoeda katentreman oemoem? makaten wangsoelanipoen ingkang ngalang-alangi!

Tijang ingkang mateng saèstoe ing agami, ingkang nedyana pados agami ingkang sanjata, temtoe boten badé ngaroe-biroe dateng tijang agami sanès, kadjawi ta ingkang sreji — ingkang pantji boten roedjoek — ingkang seneng abrit - abritan.

- Poengkasaning atoeur:  
 a. Ngoedia saged amoendeli arta.  
 b. Émoeta economienipoen tanah Indonesia.  
 c. Itjala wontening karojalan.  
 d. Itjala poen palang jèn sami neda tanem.  
 e. Para tjalon bangsa Indonesia angsala opvoeding saé.

Noewoen  
 soos ing Tjemara - kembar.

\*) Mila setidjab saèstoe, jèn dipoentindakaken. Tjebi dipoewoedjoedi padamelan, sampoen namoeng kèndel ing sastra kéma-won. Red.

lan berah. 2e. pakempalaning berah tok.

Jèn ngindakaken dladjading berah poenika toemindak aloes, toewan pabrik ingkang sardjoe ngréntjangi, temtoe kéma-won saged dados warga. Nanging sarèhné katah djoeragan ingkang poeroenipoen ngindakaken dladjading berah waoe sarana kapaksa, mila ingkang 2e. poenika kéma-won kawontenana. Nanging K. S. Bapa Leo XIII mantos-mantos: kedah toemindak kanti patrap saé.

Rékaniipoen ngindakaken dladjad, karembag kalijan toewan pabrik: a). mranata dangoenipoen njamboet damel lan katahing berahan, sarana pradjangdjian sesarengan. Dados ingkang pradjangdjian poenika dédé poen berah saking satoenggaling, nanging poen pakempalan kalijan toewan pabrik. Bab dangoening njamboet damel, Dr. Soetama voorstel 8 djam. Prof. Alberse ing nagari Walandi rikala dados Minister inggih ngwontenaken angger-angger: 8 djam. Kardinaal Manning ing Inggris ngandika: jèn pagawéaning abot, kajata ana ing pelikan: 8 djam, jèn rada èntèng: 10 oetawa 11 djam, woesana mriksana karanganipoen J. I. N. ing Sw. Tm. no. 10 bab arbeidsduur.

Bab berahan. Berahan poenika gandèng kalijan wekdal, kasagedan, sesanggèn, moetawatosing pandamelan lan sasaminipoen. Katahing berahan kedah oegi njekapi kateda ing dinten Ngahad, djer tijang poenika dédé machine, dados kedah ngaso, nanging mawi neda. Katahing berahan kedah tjekap kateda kalijan anak sémah. Sadaja waoe pangrehing vakvereeniging saged nemtokaken, f 10 sadinten kekatahen, f 0,25 kesekediken. Leresipoen sapinten? Poenika kedah karembag déning pangreh lan toewan pabrik.

Kadjawi bab dangoening njamboet damel lan bab berahan, ingkang perloe karembag kadosta b). bab kasarasan, bab saéning kalakoean (èstri lan djaler njamboetipoen damel kapisah), tijang èstri ingkang sampoen dados bijoeng sasaged-saged sampoen kapoerih njamboet damel ing pabrik, awit anakipoen ladjeng kapiran, djer boten angsal panggoe-



la-wentah saé. Kalijan malih ing pabrik sroetoe margi dajaning ratjoen sata katah baji ingkang lair sampoen oetawi ladjeng pedjah.

Sarana sanès ingkang ngindakaken dladjading para berah kadosta: ngawontenaken fonds kanggé warga-warga ingkang boten angsal pandamelan, kasripahan lsp. ngwontenaken bibliotheek, damel sesorah lss.

**Statuten.** Jèn sampoen ngertos toe-djoening pakempalan saha sarananipoen nggajoh toedjoe waoe, poe-napa déné mawang kawontenanipoen ngrikoe, ladjeng saged damel statuten.

Woesana koela sanget ngad-jeng adjeng madegipoen vakvereening Katholiek boten béda kalijan pamoen-doetipoen Swargi K. S. Bapa Leo

XIII. Nalika K. Biskop ing Luik Mgr. Doutreloux sowan K.S. Bapa Leo XIII kalijan matoer jèn ang-gènipoen badé ngadegaken saweg kamanah-manah, K. S. Bapa ngan-dika: Sampoen kadangan manah-ma-nah, teroes ditandangi, napa tetijang kadjengé dadi socialist oetawi revo-lutionair krijin?

Pangandika dalem Swargi K. S. Bapa ingkang kados makaten poe-nika nélakaken jèn kita kedah éng-gal-énggal damel vakvereening, perloenipoen boten teka badé kanggé djotosan, nanging kanggé pados adil lan ngindakaken katresnan.

Poen: P. D.

goemoedjeng kapingkel-pingkel toewin mlanggong lan leganipoen para mriksani.

Saben-saben kapiireng swanten sora sasarengan „Hideoelap P.P.K. D.!” Saben-saben mireng keplok mawoerahan! Poenika amratandani bilih gotrah Kath. Djawi ing sonten waoe sami sasarengan gambira ing manah! Kadjawi poenika oegi mra-tijhnani bilih tandangipoen comite pahargjan boten ngoetjwani, sadaja rarakitan, tatanan saha tetingalan ingkang kasoegatakaken dateng para tamoe, saestoe adamel sreg leganing manah. Mila inggih sampoen pantes kémawon warganing comite waoe pikantoeke panarimah ageng saking pangrèh ageng P.P.K. D.! Kanggé pangénet-éngget pahargjan ing da-loe waoe mawi kapotrèt. Sinten ingkang ngarsakaken moendoet, soepados lalajanan rembag kalijan R. C. Sastrasoebrata, Malioboro 18 Dk.

Koela ingkang toemoet ngraos-aken gregeting konggrès lan pahar-gjan, wonten ing Sw.T. ngriki, atas namanipoen redactie ngatoeraken poedya basoeiki anoemoesana wi-dada basoeikinipoen P.P.K.D. ang-gènipoen dados tamtamanipoen wa-dyabala Katholiek ngèsti koentjara-nipoen Indonesia! Moegi para wa-dyabala waoe sami teteg lan tang-gung angroengkebi gegandoelanipoen: „Enggokoe mangsah joeda kagem Pangéran, wong toewa, lan tanah woetah getihkoel” (*Verlaggever*).

**Pedjah kasangsaran.** Kala Djoe-moewah sonten djam 10,15 assis-tent-wadana Tempel noempak mon-tor-fiets. Pandjenenganipoen lenggah wonten zijspan. Montor-fiets waoe mandeg wonten Malioborostraat san-gadajengipoen Neutraalschool. Na-lika mlampah malih, tanpa oengak-oengak montor-fiets kaénggokaken ngalèr, sakal ngrikoe ketabrak taxi AB 560 saking lèr. Ingkang nglam-pahaken wiloedjeng; montor-fiets teroes mlampah tanpa wonten ingkang njepengi, ngantos tebihipoen 20 meter, wasana nanggor trottoir, ... ass. wadana kebanting wonten trottoir akoeah rah. Prijantoe poe-nika waoe teroes kabekta dateng grija sakit, éndjingipoen tilar. Ingkang lepat kabariipoen ingkang nglampahaken montor-fiets.

**Protestvergadering.** Béndjing ma-lem Ngahad, 15/16 Maart Ngajogja wonten protestvergadering saking golongan P.S.I.I. afd. Mata-ram, ambélani golonongan bakoel sadé tetedan. Kadjawi poenika ba-dé oegi angrembag tangkepipoen Paréntah dateng ébah-ébahan ka-bangsan.

#### Poetri Juliana boten dateng Indonesia.

Br. M. van Blankenstein kintoe tilgram partikelir dateng *Soer. Hand-sbl.* amratélakaken mentas pikan-toek katrangan bilih Poetri Juliana boten badé dateng Indonesia.

#### Djoeragan pabrik film wonten tanah Djawi.

Ing salebetipoen minggoe kapeng-ker, Tg. Prioe kadatengan baita ingkang pantjèn kanggé andjadjah, nama baita „Colombus.” Ingkang noempaki baita waoe wonten sa-toenggal ingkang nama James A. Fitzpatrick. Toewan poenika ingkang gadah pabrik film Fitzpatrick ing New York, Amérika, lan anggènipoen andjadjah bawana poenika sedyanipoen badé damel film ingkang saged njoewara pendetan saking tanah-tanah ingkang dipoendjadjah, poenapadéné karegangan mawi swantening gamelan-gamelan, lss. saking tanah-tanah ingkang kadja-djah waoe.

Kala taon kapengker djoeragan pabrik film poenika waoe sampoen andjadjah nagari Sepanjol, sarta la-djeng saged ngedalaken film kawan warni ingkang kapitontonaken won-ten poendi-poendi nagari.

Tanah Mesir toewin Indija Inggris sampoen dipoendatengi, lan sapoe-nika mr. Fitzpatrick andatengi tanah Djawi.

Kala dateng wonten Tg. Prioe ingkang kadjoedjoeg toko montor N.V. General Motor Java, neda di-poensodijani montor Buick ageng. Ingkang tjalon dipoenfilm toewan waoe wekdal sapoenika namoeng Djawi Kilen langkoeng-langkoeng Prijangan. Manawi ngrikoe sampoen rampoeng, toewan waoe kalijan kan-tja-kantjanipoen ladjeng sami badé neroesaken lampah dateng Malaka, Sijem, Philipijnen, Tjina, Djepang lan poelo-poelo Hawai, ... wasana wangsoel malih dateng Amérika.

#### Koersoes architect.

Tanggal 15 Maart poenika B.O.W. dienst ambikak malih koersoes archi-tect dipoentoentoen ingenieur-ingenieur sawatawis, manggèn won-ten gedong Departement B.O.W. Koersoes waoe dangoenipoen kalih taon. Prijantoe B.O.W. katah ingkang nglebeti koersoes waoe, ngan-tos kapeksa ingkang njoewon boten sadaja saged katampi.

## ONTJÈN SEKAR GAMBIR MELATI.

AMBONGKAR BALÉ-PÉMAHAN.

I.

Para prijantoe!

Konggrès P. P. K. D. sampoen ka-pengker! Rembag ingkang sakalang-koeng wigatos, saking pamanah koela: „motie njoewoen soewakipoen poenale sanctie.”

Koela boten badé mboemboni pait-getiripoen poenale sanctie. Djer prakawis poenika sampoen wéwèh-téhan, toer sampoen wongsal-wang-soel dipoensolanganaken para pangan-djoer. Lan, wonten konggrès P. P. K. D. kapengker (-ingkang pandje-nengan inggih badé maos verslag-ipoen) sampoen boten kirang patitis pangrembagipoen!

Ingkang dipoenmanah Patjar Mé-rah, sinten ingkang minangka ge-gentosipoen koeli kontrak, samangsa poenale sanctie itjal? Wangsoelan ingkang tjepak: *koeli merdika!*

„Koeli merdika?? Hemmmmm! Koeli merdika ora kena diendel; ora kena didjagakaké; ora kena diendel temené kaja nèk koeli poenale sanc-tie! . . . .” - makaten djawabipoen toewan-toewan kebon.

Nanging, . . . manawi onderne-ming pikantoeke koeli kados koeli ingkang sapoenika njamboet damel wonten ing tanah Djawi, doegi-doegi onderneming Soematra poeroen nampi poenapa boten?

Kawoening, koeli ingkang won-ten onderneming ngriki, poenika sa-estoe béda kalijan koeli ingkang samangké wonten Soematra. Bé-danipoen 1e. tjing ingkang sapoe-nika sami njemploeng Dèli poenika, manawi boten keblitoeke, inggih pan-tjèn wonten ngriki sampoen karoep-akan djagad. Dados ratjak sam-poen béda sadajanipoen kalijan ingkang taksih wonten tanah Djawi ngriki. Mila angèl anggènipoen nga-toelaken pranatan adjeg toewin mesti. 2e. koeli-koeli ingkang wonten ngriki boten tinangsoelan mawi ka-wontenan ing tanah Djawi ngriki i.p. gesang sasarengan tjara tanah Djawi. 3e. koeli Soematra sami kadajan sawenang-wenangipoen toewan kebon.

Mila, sok oegi boten awatak ang-kara moerka, onderneming Soema-trah doegi-doegi inggih poeroen nampi koeli-koeli merdika kados koelinipoen kaboedidajan ing tanah Djawi.

Ing nginggil koela matoer: „ora tinalénan nganggo kaanan ing ta-nah Djawa, jaikoe oerip babarengan tjara tanah Djawa.” Poenapa teges-ipoen? Mangga dipoenoedar ngiras kanggé mapanaken: kedah kados-poendi toemindaking pangodi ingkang soepados tetijang Djawi sami poeroen membongkar balé grija la-djeng bebara dateng Soematra (emigratie).

Para prijantoe! Pandjenengan sadaja bangsa Djawi! Pandjenengan pirsira ratjakipoen bangsa kita boten poeroen ambedol balé grija bebara dateng ngamantja. Sampoen ingkang taksih djembar djagadipoen, tjatjak ingkang sampoen keroepakan ké-mawon, manawi pantjèn dèrèng na-ma kapetapan margi saestoe, . . . . inggih dèrèng manah bebara dateng nagari sanès saanak bodjonipoen.

Déné ingkang dados sebabipoen, kadjawi bektaning kodrat tresna da-ting siti kalahiran, inggih margi tjaranipoen gesang sadérékan ing tanah Djawi ngriki. Tjaranipoen gesang sadérékan (Djawi sami Djawi) babasanipoen: mangan pada kem-boelan; omah pada ngenggoni; oerip dodompolan; loeng-tinoeloeng; weng-koe-winengko; wèwèh-wèwèhan; sami ngertos lan tampinipoen. Ang-gènipoen tetijang Djawi sami do-dompolan waoe kadjawi margi sa-bab sanès mbokmanawi inggih margi roemaos sami déné sékèngipoen.

Atoeling tjing tatangan, kaweh-ahan raketeng sadérékan ingkang mèh boten wonten pedotipoen: mi-san, mindo, ming teloe sadaja tak-sih dipoenakeni, . . . poenika waoe sadaja angèl padosnipoen wonten tanah ngamantja. Djer sagedipoen kados makaten kedah wiwit alit mila anggènipoen toewoenggilan. Ka-wontenan kaseboet ing nginggil poe-nika, pandjenengan sadaja taksih saged njipati pijambak wonten dja-gad Djawi djaman sapoenika lang-koeng-langkoeng wonten ing padoe-

*soenan.* Kadoegi inggih kawontenan kados makaten poenika, ingkang andjalari tetijang Djawi sami endel-endan, oetang silih andadosaken sami ndléja lan risakipoen. Kadjawi risak radja darbèkipoen, inggih anoemoesi risaking wawatakan. Djer anggènipoen sami ngendelaken; andjalari boten naté kepeksa ngati-ngalaken sagedipoen pijambak; ada-ada pijambak. Sadaja-sadaja mawi mawang kantja. Malah ngantos bo-ten sakedik ingkang sok moengal: „Jah, nanga nraka kaé ja gelem, wong okèh kantjané!”

Para prijantoe! Ing ngriki koela boten ambobot awon saéning ka-wontenan ingkang kasrambah won-ten djagad Djawi kaseboet nginggil waoe. Koela namoeng ngatoeraken loegoening kawontenan. Dados ka-wontenan kados ingkang koela atoer-aken waoe, ing djagad Djawi mila wonten; mila njata!

Rèhné kados makaten kawontenan-ipoen gesang sasarengan ing djagad Djawi, mila boten kénging boten sadaja pangodi moerih tetijang ngriki sami poeroen bebara dateng Soematra, *kedah katjoendokaken kalijan kawontenan waoe.* Kadjeng koela, kedah: mBEDOL DÉSÀ ka-dos sang Sokasrana anggènipoen moeter taman Sriwedari!

Toewan kebon ing Soematra tem-toenipoen aggadahi srékalan: „Apa hija koeli modèl nomer loro iki bisa adjeg njamboeté gawé lan ora gam-pang mogoké?” Wangsoelanipoen Patjar Mérah: „Tjoba samang delok mawon koeli-koeli rosan ing tanah Djawi!”

„Hija! Nanging, . . . moelané koeli tanah Djawa ora gampang ninggal pagawéjané, koewi marga nèk nganti ninggal, kaliren déwé; sabab, onderneming-onderneming tanah Djawa bisa olèh koeli saka-repè! Ana mogoké sidji, wis ana lijané sing anggentèni! Béda karo nggonkoe ing Soematra. Saopama koeli merdika maos mogok, sapa sing arep nggentèni, wong ing kebon tembako mono ana pagawéjan sing kadang kalané ora kena disran-tèkaké?”

Moemetaken poenika! Nanging, . . . poenapa pakéwedipoen toewan kebon poenika boten kénging di-poenoedari makaten: „anggeré wong koedoe ngingoni anak bodjo, doega-doega ora gampang mogoké. Ka-djawi poenika, koeli modèl nomer kalih waoe sampoen koela atoeraken béda sadajanipoen kalijan koeli ingkang sapoenika wonten Soematra. Dados koewatosing manah toemrap mogokipoen koeli nomer kalih, *apes* boten sami agengipoen kalijan koeli Soematra ingkang sapoenika. Ka-ping tiganipoen, manawi kelampah saestoe saged *ambadol doesoen*, kapétangipoen wangsoel dateng tanah kalahiran inggih boten patos notol, djer anak sémah sampoen kasan-ding! Déné bab gegentos saopami meksanipoen wonten pogokan, ing-gih kaodi sagedipoen angèmpèri onderneming ing tanah Djawi. Ka-djeng koela: bedolan doesoen ke-dah kaangkah boten namoeng sa-toenggal kalih; kaodi sageda ngang-kataken radi katah. Saredja-redjanipoen parésidénan inggih wonten doesoenipoen ingkang tetijangipoen sami rekaos. Doesoen-doesoen ingkang tjangipoen sami makaten waoe, ingkang prajogi kabadol. Kedjawi makaten, sampoen mesti kémawon onderneming-onderneming ing Soematra inggih kedah manah tjepak (pantes)-ipoen bajaraning koeli-koeli modèl nomer kalih poenika.

„Lo, sadjaké kok énak remboegé! Ning koewi maos kabèh, bisané rak ming nèk wis ana wongé sing ge-lem dipranakaké!”

Kesinggihan, prijantoe! Mila, doemoegi semanten gagasan kedah ladjeng kaingeraken dateng pita-kéna: „Keprijé anggoné propagan-da? Keprijé tjaking panari soepaja akèha wong sing gelem mrana?”

Wangsoelaning pitakèn poenika, koela atoeri njarantosaken roemijin, ngentos wedalipoen Sw. T. tjan-dakipoen!

Kumuningsaselé 10 Maart 1930.

Taklim:  
Patjar Mérah.

#### Oepas andjedjeg tjing.

*Deli Crt.* njarijosaken sawenèhing oepas ingkang djaji roemah-gila ing Loeboek Pakem andjedjeg satoeng-giling tjing ingkang kaopakara wonten ngrikoe ngantos andjalari bengkah limpanipoen. Tjijng ingkang kadjedjeg, pedjah, malah ké-nging dipoenwastani mèh pedjah sakala poenika oegi. Poen oepas dipoentahan lan badé kaprakawis.

#### Delér énggal.

Toewan prof. mr. I. H. M. J. van Kan winisoeda dados warga Raad van Indië.

#### Pikantoeke bintang saking Pa-rangakik.

Paréntah Parangakik misoeda wak-il Paréntah toemrap prakawis oem-moem tw. Ir. Kiewiet de Jonge dados ridder in de orde van het Legioen van Eer.

# O E R A P - S A R I

KABAR KATHOLIEK.

#### Student Djepang ngabekti I. S. Kg. S. Rama.

Ngarsa dalem I. S. K. S. Rama mentas nampèni pisowanipoen rectoring college Propaganda Fide. Sowanipoen rector waoe kalijan student-student Djepang ing college ngrikoe ngoendjoekaken pisoeng-soengipoen kabiskopan Nagasaki amarengi séket taonan dalem djoemeneng Imam.

Pisoengsoeng waoe awoedjoed petèn penjoe rinengga mawi emas toewin retja alit-alit, ingkang sa-toenggal moedjoedaken sang praboe Djepang ingkang sapoenika, satoeng-galipoen awoedjoed pralambanging pakarjan lan oemoer pandjang.

Ngarsa dalem rena sanget mirsani pisoengsoeng waoe, moendoet pirsira sinten ingkang damel retja, saha saladjengipoen paring barkah para student lan siti kalahiranipoen.

Kabiskopan Nagasaki poenika di-poepangangi Biskop bangsa Dje-pang pijambak asma Mgr. Hayasaka.

#### Pisoengsoeng saking Missie Hindoe.

Saben dinten ngarsa dalem I. S. Kg. S. Rama taksih tampi pisoeng-soeng-pisoengsoeng saking poendi-poendi gagajoean kalijan anggè-nipoen djoemeneng Imam sampoen 50 taon.

Pisoengsoeng-pisoengsoeng waoe wonten ingkang saking kabiskopan Ranchi ing Hindoe awoedjoed album kalih idji. Album ingkang satoenggal isi namanipoen tjing Katholiek ing Ranchi 6162 ingkang sami dados warganing pakempalan soetji „Anje-baraken Agami” (De voortplanting des Geloofs). Ing lijst ngrikoe won-ten nawala saking Kg. Biskop Mgr. van Hoeck ing Ranchi amratélakaken kamadjenanganipoen tetijang ngrikoe andanakaken artanipoen kanggé soe-mebaring Agami. Mangka manoeet papriksan, tetijang ing ngrikoe ka-gabag ratjak boten katjekapan. Ing salebeting liboer katjarjosaken moerid-moerid ing Noatoli sami njamboet damel, artanipoen ladjeng kasoekek-aken dateng pakempalan ing nginggil. Semanten oegi inggih katjarjosaken wonten moerid éstri ngengirangi salebetipoen 2 minggoe, ladjeng arta ingkang dipoenkempakaken salebetipoen sija waoe kasoekekaken dateng pakempalan ing nginggil.

Déné album ingkang nomer kalih isi: sembahjangan Kommoeni, Mis, Margi Pamentangan lss., poenapadéné serat saking ngoelama Pri-boemi 18 ing kabiskopan ngrikoe kondjoek Ngarsa dalem, asoeraos ngoendjoekaken panoeuwen toemrap sadaja lalabetan dalem ingkang toem-rap para ngoelama Priboemi waoe.

#### Indaking oetoesan-oetoesan wonten ing Vatacaan.

Nitik indaking oetoesan-oetoesan ingkang wonten Vatacaan, tjing saged anginten-inten sapinten ang-gènipoen djagad politiek ing sadonja migatosaken Roem.

Sawatawis taon ingkang kapeng-ker, pradja ing Amérika tengah ingkang ngintoenaken wakil dateng Vatacaan namoeng republik Nica-ragua. Nanging kala taon kapengker Guatamala boten poeroen kantoen inggih ngawontenaken wakil wonten Vatacaan. Sansalvador ingkang sam-poen dangoe boten ngintoenaken wawakil, sawatawis woelan kapeng-ker inggih ladjeng ngintoenaken oetoesan malih. Panama kala Dec. '28 inggih ngintoenaken gezant, lan Constaria sampoen langkoeng dan-goe anggènipoen damel oetoesan wonten Vatacaan loemantar gezant Paralta ing Paris. Lan, wasananipoen sapoenika republik Honduras ing-gih ladjeng anoetoeti.

#### Maha siswa Bada College Roem.

Kadjawi ing nginggil, Ngarsa da-lem oegi mentas nampèni sowan-ipoen maha siswa Bada College ing Roem. Bada College poenika isi student-student tilas tjing Agami Anglicaan, sapoenika sinao wonten ngrikoe perloe badé dados Imam Katholiek.

#### Missie Borneo 25 taon.

Missie ing Pontianak kala 9 lan 11 Februari mèngeti rawoehipoen Imam Capucijn ingkang sapisanan wonten ngrikoe, sapriki sampoen djangkep salawé taon.

Ingkang ngoendjoekaken Mis Soe-tji, Mgr. P. Bos, tinengganan wakil-wakil B. B., militair, prijantoe-prijantoe palaboehan lss. Ing sa-lebeting Mis wonten preek basa Tjina lan Walandi.

Tetijang Katholiek bangsa Tjina sami misoengsoengaken boekoe pé-ngetan sinerat mawi sastra Tjina sakalangoeng péni andjalèntrehaken lalabetanipoen Missie toemrap ban-gsa Tjina ing ngrikoe: sakolahan, grija sakit, wawarah Agami Katho-lik, lss. Kadjawi poenika sami ngoendjoekaken arta soepados di-poengagem damel énta-éntanipoen goewa (kerststal).

Tetijang Katholiek bangsa Éropah sami ngoendjoekaken arta soepados kagem ngedegaken Kapèl énggal mligi kanggé bangsa Éropah, djer manawi ngleresi dinten Ngahad ing salebeting Grédja sapoenika na-moeng wonten woelangan basa Tjina, andadosaken pitoenanipoen para Katholiek bangsa Éropah ingkang sapérangan ageng sami boten mangretos basa waoe.

## KABAR OEMOEM

INDONESIA.

#### SAKING NGAJOGJAKARTA.

#### Pahargjan gangsal taonan P. P. K. D.

Tanggal 3 Maart sonten, kapeng-ker poenika P.P.K.D. mèngeti ang-gènipoen sampoen djangkep ngoem-oe 5 taon, manggèn wonten ing loods Broederan Ngajogja. Sa-sampoenipoen R.M. Djajaéndra pa-ngarsa Lustrumfeestcomitte ngatoeraken pambagja wiloedjeng, won-ten ing pamboeka, sadèrèk I. K. Éndrawahjana mahjakaken babad-ipoen P.P.K.D. wiwit rikala gotrah Katholiek Djawi sami ngawonten-aken pakempalan politiek anama Katholieke Javanen Vereening voor Politieke Actie ing taon 1923. Pri-jantoe waoe mratélakaken sabab-sababipoen déné golongan Kath. Djawi boten dados satoenggal ka-lijan I.K.P. i. p. margi kabekta sa-king bédaning basa lan kaboedajan poenapadéné bédaning idam-idam-anipoen bangsa Walandi ingkang katah-katah toemrap tanah Indone-sia. Déné boten anggolong wonten pakempalan politiek gadahanipoen

bangsa Indonesia, poenika margi wonten ing pakempalan ngrikoe (ingkang adadasar neutral oetawi mawi dadasar Agami dédé Kath.) kabetahan Katholiek boten badé saged karembag samestiniipoen enz. . . . . enz. . . . .

Saladjengipoen katah pakempalan-pakempalan ingkang toemoet moe-djèkaken widadaning P.P.K.D. i. p. kadjawi wakil-wakil tjabang P.P.K. D. sawatawis, taksih wonten malih: P. K. W., B. O. Mataram, van Lith Stichting, P.W.K., P.P.I.I., W.K. afd. Ngajogja, R.K. Padvinderij Morgen-ster Solo, lan sanès-sanèsipoen malih taksih katah.

Tetingalan-tetingalan ingkang me-wahi regening pahargjan: muziek ingkang damel gambira, tembang ingkang ngedalaken greget, dolanan laré alit-alit ingkang damel leganing manah, beksa ingkang noewoehaken raos loehoer lan marem, poppen-dans ingkang damel goemoening manah, sportdemonstratie lan pen-tjak ingkang adamel mongkog ma-reming manah, poenapadéné se-galapan ingkang adamel deg-degan,



**M. v. BIENE.**

Toekang herlodji dan Toekang emas.

Adres jang moerah

**DJOKJA BANDOENG**  
Telf. 252 Telf. 226

boeat LONTJENG, HERLODJI dan PERKAKAS EMAS.

Pembatja  
**SWARA TAMA,**

dengan bawa lembaran Swara Tama dapat **POTONGAN.**

**PAKOLEH TOER LOEWESAN SAÉ TOEWIN AWÉT INGGIH NAMOENG**

**MERK GAZELLE**

INGKANG AWOEDJOED

ALCYON }  
DUNLOP } RIJWIELEN  
R. I. W. }

**Nitjil kénging! - Kentjèng soekoer!**

**GAZELLE HUIS - ROEMAH GIDANG**  
MALIOBORO - DJOKJA - TELF. 508.

**KALAU BELI OBAT - OBAT**

**DJOKJA** mémang tiada maoe pakai per-tjoema, melainkan boeat djaga keséhatan. Tetapi kalau tiada terima obat jang selamanja baroe dan paling baik, lebih pintar **Djangan beli sama sekali.**

Obat-obat keloearan roemah<sup>2</sup> obat

**MALIOBORO „RATHKAMP” MALIOBORO**  
soedah terkenal berapa banjak poeloehan tahoen dan bisa dapat beli dimana-mana tempat. Kalau dapat beli tjap

**DJOKJA „RATHKAMP” DJOKJA**  
tangoeng beli jang paling baik. Djaga tjap „RATHKAMP” dan „ERCEE”

**DJANGAN TERIMA BARANG JANG BARANGKALI KOERANG BAIK.**

**HEEL DE ARCHIPEL**

LEEST

**DE KOERIER**

Eenig R. K. Dagblad

in Ned. Indië.

**Toko DJOEN & Co., Djocja.**  
PATJINAN MOEKA TOKO FUJI - TELF: No. 374.

Adres jang paling moerah dan paling baik boewat pembikinannya.

**ROTIE-ROTIE, KOEWEE-KOEWEE dan BESCHUIT-BESCHUIT KERING.**

**SROETOE-SROETOE dan ROKOK-ROKOK, jang haloes dan kasar.**

Djoega slamanja djangan loepa minoem kita poenja KOFFIE BOEBOOK, jang speciala die giling dengan machine Electrics, bisa giling aloes dan kasar, menoeroet pembelie poenja perminta'an die tangoeng sampeé menjenengken, harga per pond f 0.90.

Bolih datang saksiken!

Memoedjiken dengan hormat  
**Toko DJOEN & Co.**

**TOKO BARANG-BARANG H. SPIEGEL — Djokja.**

**ADRES JANG PALING BAIK, boeat:**

Eetserviezen - Theeserviezen: f 5,75.  
Perkakas dari gelas, dan perkakas dapoer; Kereta dan korsi boeat anak-anak; Tempat tidoer, lampoe gasoline, dan - permainan boeat anak-anak ketjil. -

**Semoea barang paling djempol, dan moerah sekali!**

**TJËT GILAP wedalan FRIELING model A.**

kanggé ndjawi lan nglebet, namoeng kantoen ngagem.

**kawadahan ing blèg, netto 10 5 2 1/2 1 1/2 kilo;**  
**sablèg regi 10,50 5,50 3,- 1,30 0,75;**

**TJËT GILAP model B,** kanggé ndjawi lan nglebet namoeng kantoen ngagem; **sablèg netto 10 kilo: f 8,50;**  
**5 kilo: f 4,50.**

**PABRIK TJËT R. B. FRIELING,**  
Gondhomanan 80 - DJOKJA - Telefoon no. 784.

**DJAMNJA HARI ACHAD DI SEMENTARA TEMPAT ADA KOERBAN MISSA.**

Ambarawa 6.-7.30.	Lamah 5.30-6-8.	Pekalongan <sup>3)</sup> 7.30.	Soerabaja: 6-7-9.
Ambolna 7.30.	Lawang <sup>5)</sup> 7.	Pemalang <sup>3)</sup> 7.30.	Kepandjèn 6-7-9.
Bagan Siapi-api 7.30.	Madioen 6-7.30.	Pemangkat 8.30.	Anita Boul. 6-7.30-9.
Bandoeng 6-7.30-9.	Magelang 7-9.	Poerwokerto 7.30.	Soerakarta 6-7-8.30.
Benkoelen 7.30-9.	Makassar 6-7.30.	Poerworedjo 7-8.30.	Tandjoeng Balai 7.30.
Blitar 7.30.	Malang 6-7.15-8.30.	Pontianak 7-8.30.	Tandjoeng Karang 8.
Buitenzorg 6-8.	Manado 6-7.30.	Probolinggo 7.30.	Tandjoeng Sakti 7.30.
Cheribon 7.30.	Medan 6.30-8-8.30 (tjina).	Salatiga 7.30.	Tara-Tara 7.30.
Djember 7.30.	Medari <sup>6)</sup> 9.30 (mal).	Sambas 6-8.30.	Tegal <sup>2)</sup> 7.30-9.30.
Djokja: 7-9.	Meester Corn. 7-9.	Sambong 8.	Tereng 7.
Kampementstraat Eur. 7-9.	Mendoet 6-7.30.	Sawah Loento 7-8.30.	Tjilatjap <sup>8)</sup> 7.30.
Jav. 6-8.	Modjokerto 6-8.	Sedajoe 7.	Tjimahi 6-8.
Kota Baroe 6-7.30.	Moentilan 5-6-8.	Sedjiram 5.45-8.30.	Tomohon 7-8-9.
Djombang <sup>1)</sup> 7.30.	Muntok 8.	Semarang: 7.	Wates <sup>7)</sup> 7.
Fort de Kock 7.30.	Ngawi <sup>7)</sup> 7.30.	Gedangan 7-9.	Weltevreden: 7.
Gandjoeran <sup>2)</sup> 7.	Padang 7-8.15-9 (tjina).	Bangkong 6.30-8.	Waterlooplein 5.45-7-9.
Gombong <sup>3)</sup> 7.30.	Padang Pandjang 7.30.	Tjandi 7.	Kramat 6-8-9 (mal.).
Keboemen <sup>4)</sup> 7.30.	Pajakoembo 7.30.	Randoesari 6.30-9.	Wonosobo <sup>8)</sup> 7.30.
Kediri 7.30.	Palemboang 7-9.	Singkawang 6-7.30.	Woloan 8.30.
Klatèn 7.30.	Pasoeroean <sup>1)</sup> 7.30.	Soekaboemi 6-7.30.	
Koeta Radja 6.30-8.			

1) 1e. Achad. 2) 2e. Achad. 3) 1e., 2e., 4e. Achad. 4) 3e. Achad.  
2) 1e. + 3e. Achad. 4) 1e. Achad tiap<sup>2</sup> doea boelan. 5) 2e., 4e. Achad. 6) 3e. Achad.

**Kasangsaran ing Parangakik.**

Tilgram Aneta saking Betawi 10 Maart, njarjosaken bilih kongsoel-djéndral Prantjis ing Betawi angdalaken serat sebaran soeraosipoen makaten: „... nagari Parangakik mentas kasangsaran ageng; sapérangan tanah ngrikoe katradjang bandjir ageng, andjalari pedjahipoen tijang pinten-pinten djiwa saha itjalipoen radja darbè katah sanget.

Tanah ingkang sisih Kidoel risak babar pisan, kita-kita ageng tanpa pétang, hantjoer, doesoen-doesoen sirna. Tijang ingkang pedjah kalap atoesan, ing poendi-poendi tetijang sami soesah, sangsara...

Gandèng kalijan kasangsaran waoe, toewan Bodard kongsoel-djéndral Prantjis ing ngrikoe neda kadamnipoen para ambek welas ing kasangsaran lan kasoehaning sesama.

Wiwit tanggal 10 Maart doemoegi 10 April kongsoel-djéndral waoe nampèni arta-arti darma ingkang tjalon kakintoenaken dateng comité pitoeoloengan ing Parangakik; déné nama-namanipoen para ambek darmawan dalasan kadamnipoen badé kapatjak wonten serat-serat kabar ing Betawi.

**Sesakit tjatjar.**

Afdeeling Sambas katetepaken kambah sesakit tjatjar.

**Taxi ing Soerabaja.**

Mitoeoet **Pewartu Soerabaja**, katinggahing taxi ing kita Soerabaja wonten 843. (Inggang 269 merk Chevrolet, 191 Buick, 142 Fiat, sanèsipoen merk warni-warni).

Taxi-taxi poenika waoe ingkang sapérangan ageng gadahanipoen Ti-onghoa. Inggang 471 dados gadahanipoen ondernemers Tionghoa, ing-

kang 181 taxinipoen bangsa Indonesia, 132 darbèkipoen bangsa Europa, déné bangsa Arab sagonlonganipoen gadah 59.

Pamedalipoen taxi waoe sadinten ratjak f 8; dados sataoen: f 2.461.560.

Inggang sami dados sopir ingkang katah bangsa Priboemi i.p. wonten 1965 (tijang samanten poenika ingkang kalahiran Soerabaja namoeng 730). Déné sopir taxi bangsa Ti-onghoa wonten 86, bangsa Europa 7, bangsa Arab 7, lan bangsa mantja Wétanan sanèsipoen: 2.

**Bintang Liman Séta.**

Toewan Be Kwat Koen majoer titulaire Tionghoa Solo ingkang sapoenika gegrija wonten Salatiga, tam-pi bintang Liman Séta saking sang praboe ing nagari Sijem. (Officier in de orde van Witten Olifant).

**Padagangan kapoek.**

Gandèng kalijan mlorotipoen re-regèn kapoek, djoeragan-djoeragan kapoek ing Semarang lan Soerabaja sami dados satoenggal, soepados dagangan kapoek saged kasadé déning babadan kapoek-centrale. Semarang mentas ngintoenaken wakil perloe rerembagan prekawis poenika kalijan djoeragan-djoeragan Soerabaja.

**Warga Raad Kawoela énggal.**

Toewan H.J. Dreu kepala sekolah ing salah satoenggiling sekolahan gemeente Betawi kangkat dados warga Raad Kawoela anggentosi toewan P.F. Dahler.

**MANTJA NAGARI.**

**Nglawan Roeslan.**

Inggang Amsterdam, manoeet tilgram Aneta saking ngrika tanggal 5 Maart wonten parepatan saking ada-ada-

nipoen golongan Agami warni pitoe. Pinten-pinten redenaar saking golongan waoe sami mahjakaken boten tarimahing manahipoen toemrap pangoeja-oewa ing Roeslan.

Parepatan damel motie, njoewoen dateng paréntah Nederland soepados mrotès kawontenaning Roeslan waoe sasarengan kalijan nagari-nagari sanès.

Poelisi angalang-alangi tijang kominis ingkang nedya damel riboeting parepatan. Déné kominis poenika waoe i.p. warga gemeente raad Amsterdam mev. Van Zelm, kalijan dokter Koch.

**Bombay.**

Inggang akiring minggu Januari ing Bombay tijang ingkang katjandak sakti tjatjar wonten 2640, ingkang 662 teroes pedjah; minggu tjandakipoen saja ngrebd, ingkang sakit 3645, ingkang tiwas 716.

**BOEKOE INGGANG KATAMPI.**

Saking sadèrèk Sht. Bratasiswaja, redactie tampi boekoe: 'NGELMOE ALAM MANDONGSA I. A. lan I. B. anggitanipoen Sht. Bratasiswaja, mantri goeroe Standaard-school, Poetjangsawit Solo. Boekoe poenika mligi kanggé pamoeangan angka kalih. Mentas, tjekak aos, njakoep prakawis ingkang perloe-perloe.

Boekoe kekalih poenika panganggitipoen sasampoenipoen kapraktikaken, dados nama mitajani. Inggang nganggit, ingkang nggambari lan ingkang ngetjap, sadaja Djawi.

Inggang pérangan I. A. kanggé tjepenganing goeroe, regi f 0,75; koetjawa sakedik déné gambar-gambaripoen namoeng tèmplèkan. Nanging prakawis poenika manawi kabobot kalijan isinipoen nama boten dados poenapa; oetawi malih, tijang pérangan I. A. poenika kanggé goeroe. Éwadéné koela anggadahi pangadjenng-adjenng béndjing tjap-tjapan kaping kalih, kawontenan ingkang radi ngoetjwani poenika waoe mesti badé tjajal.

Pérangan I. B. poenika kanggé moerid, regi f 0,35, langkoeng saé sanget tinimbang I. A. Gambar-gambaripoen saé, boten tèmplèk-tèmplèkan. Manawi kapattisaken, boekoe waoe kadjawi mikantoeiki toemrap seserep-

aning laré, oegi andajani saé toemrap kabatosan, wawatekan.

Inggang katja 34 wonten gambar katah-sakedik sarining tetedan ing dalem 100 gr. Manawi kawaspadakaken inggih isi pitoeoer lebet toemraping moerid; oepaminipoen tandangan sarining tetedan djagoeng, wos kalijan roti; pohoeng kalijan kentang. Pohoeng isi pati 39, kentang 16; enz., poenika manawi kamanah pandjang, pamanggih koela apdasari: „adja isin sanadjan panganmoeng moeng djagoeng lan pohoeng; awit kowé weroeh déwé kaprijé tatandangané isining pangan iki karo roti lan kentang! . . . . .

Tjekak, boten katah-katah atoeer koela! Manawi boten ngandel, mangga dipoenjatakaken moendoet boekoe waoe, dateng ingkang ngarang pijambak! Prijatoen Ngajogja saged mriksani boekoe waoe wonten kantoran Sw. T. I.

Nitik saéning isi, kados prajogi sanget manawi Departement Onderwijs (oetawi Canisius Stichting) ngagem boekoe waoe wonten pamoeangan-pamoeangan angka kalih.

Nalika koela soemerep boekoe waoe, koela ladjeng kémawon kéngetan kirangring handleiding - handleiding ing pamoeangan angka kalih. O, iba leqangan manah manawi ing salebeting djagad goeroe katah prijantoen ingkang karsa toemandang kados sadèrèk Sht. Bratasiswaja anandangi damel handleiding warni-warni! Sadèrèk goeroe Missie ingkang kadoegi katjoggah, koela atoeeri noetoeti tradjagipoen kadang pandjenengan sadèrèk Sht. Br. siswaja kaseboet nginggil!

Koela ngadjeng-adjenng moegi onderwijs-commissie gadahanipoen P. P. K. D. ingkang mentas ngadeg poenika, ing béndjing oegi manggalih ngwontenaken babadan ingkang tinangginah damel handleiding kanggé sakolahan-sakolahan Katholiek Djawi.

**OMHOOG DE HARTEN I.** wedalan J. B. Wolters.

Toemrap saéning isi, gampang temboeng, péning gambar, sami kémawon kados djilid sanèsipoen ingkang sampoen naté kapratèlakaken wonten Sw. T. ngriki.

**DE ORDE DER JEZUIETEN:**

L. De Jonge S. J.  
dijilidan II Strijd en Ondergang.  
Uitgave van H. J. Dieben Wassenaar.

Boekoe poenika njarjosaken babadipoen pakempalan Sarékat Jésoes wiwit taoen 1661-1771: salebetipoen wedal langkoeng saking satoenggal abad pakempalan Sarékat Jésoes sanget ing koentjaranipoen, misoewoer toewin

kalok ing sadjagad; djalaran ingkang makaten poenika temahan gadah mengsah katah sanget, ingkang kabekta saking kemèrenipoen ladjeng ketoewoehan manah srè sarta drengki, woensana ngoedi sagedipoen pakempalan Sarékat Jésoes sirnaa saking gesang sesarengan ngriki.

Inggang makaten poenika boten damel oewasing manah; sanadjan rinoeboeng mengsah pinten-pinten mengsah, éwadéné warganing Sarékat Jésoes panggah apoeoeh, srem-peng ing sadaja pandamelan, boten moendoer sadjangkah kémawon, malah ngangseg madjeng anempoh mengsah, ngéngeti idam-idamanipoen ingkang jasa i. p. Santo Ignatius makaten: Ad Majorem Dei Gloriam (Amrih indaking kaloehoeran Dalem Goesti Allah).

Mila boten anggoemoenaken manawi pakempalan Sarékat Jésoes binerkahan ing Pangéran, angdalaken woh ambijet, moerakabi sadéngah ingkang poeroen metik. Boten namoeng Éropah toewin Asiah saha Amérikah kémawon, ananging tanah missie sanèsipoen inggih linebèran sining Pangéran lantaran warganing pakempalan Sarékat Jésoes.

Saja dangoe mengsah saja mindak katah, toer sami ngetog kadoeliganipoen, ngantos panganggening Pasamean Soeti menggalih itjalipoen pakempalan Sarékat Jésoes.

Sepinten prihatosipoen panganggening pakempalan Sarékat Jésoes, katjeta saking serat-serat ingkang ngemot sakatahing pangadjak, soepados warganing pakempalan samia angganter sembahjangipoen, angrerepa ing ngarsanipoen Goesti Jésoes (inggang djoemeng sadjatosing panganggening Sarékat Jésoes) njoewoen soepados lebar loewar saking bebaja toewin reribed ingkang tinimah. Sadaja serat-serat anrenjoehaken para maos. Sadaja waga soemedia panggah angantepi timbalan Dalem Goesti Allah, ananging oegi soemarah toewin njenjadong poenapa kersa Dalem.

Inggang woensana tanggal 16 Augustus 1773 wonten nawala medak, ingkang ngewrat, bilih pakempalan Sarékat Jésoes dipoenkèndeli. Ananging nawala waoe boten kawaos kados nawala sanès, wonten ing Campo di Fori, oegi boten katèmplèkaken ing gaoeraning Grédja Santo Petros, ananging kedah kawaos ing pasraman-pasramanipoen pakempalan Sarékat Jésoes pijambak-pijambak.

Kados-poendi panampinipoen para wargi? - Kanti soemarah.

Sinten ingkang kepéngin njoemerepi kados-poendi tijang kedah ngantepi timbalan Dalem Goesti Allah, poendi sarana-sarana ingkang kedah kapigoenaken, boten badé ketjoewan manawi moendoet boekoe poenika; regi loemajan, namoeng f 2,25, samakan f 2,75.